

Kategori : **ELÈV**

Pibliye : 18 jiyè 2012

Nimewo : **A-501**

Sijè: NOM OFISYEL POU CHANJE KLAS

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman sa a mete anplas onivo tout sisyèm lan yon seri règ ki endike nòm ofisyèl byen defini pou elèv apati klas 3yèm ane jiska klas 12yèm ane chanje klas. Li ranplase Règleman Chanselye *Chancellor's Regulation (CR) A-501* ki date 13 novanm 2009.

Chanjman :

- Pou endike ke direktè yo ka baze yo sou amelyorasyon pèfòmans elèv k ap double klas ak elèv ki pi gen plis laj pase laj yo sipoze genyen pou klas y ap fè nan plizyè evalyasyon pou rekòmande pou yo chanje yo klas. (paj 6-7, § VI.E.3; paj 9, § VII.E.2.)
- Reòganize kritè pou chanje klas pou elèv klas 3yèm jiska klas 7yèm ane pou endike ke nòm ofisyèl pou chanje klas yo se menm pou klas sa yo. (paj 4-7.)
- Presize règleman pou chanje klas pou elèv nan pre-matènèl ak matènèl. (paj 3-4, § V.D.)
- Presize ke yo detèmine kritè pou chanje klas pou elèv k ap aprann lang angle *English Language Learners* (ELL) dapre kantite ane elèv la enskri nan Sistèm lekòl Etazini. (paj 5, § VI.B.; paj 7-8, § VII.B.)
- Presize ke ELL ki nan klas 3yèm jiska klas 7yèm ane ki nan sistèm lan depi omwen de ane men mwens pase sis ane ka swa rive atenn Nivo 2 pèfòmans nan evalyasyon Eta *Art* lang angle *English Language Arts* (ELA) swa satisfè nòm ofisyèl kouran pou lang angle ki anplas pou elèv sa yo (p. 5, § VI.B.2.a.), ka satisfè kondisyon pou chanje klas ; presize ke yo aplike menm kritè pou chanje klas pou tout ELL nan klas 8yèm ane ki enskri nan sistèm lan depi omwen de ane men mwens pase kat ane. (paj 7-8, § VII.B.2.)
- Presize ke yo aplike pou elèv ki gen andikap nan klas 3yèm rive klas 8yèm ane ki patisipe nan evalyasyon Eta ak evalyasyon Vil Nouyòk, menm kritè pou chanje klas antank elèv Edikasyon jeneral ki pale byen angle amwenske Plan Edikasyon endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) yo presize yon nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas. Nan ka sa a, yo dwe aplike nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas ke yo mete nan IEP yo. (paj 5, § VI.A. & C.; paj 8, § VII.C.)
- Presize ke yo aplike pou elèv ki gen andikap ki pale angle byen nan klas 9yèm jiska klas 11yèm ane menm kritè pou chanje klas ak elèv Edikasyon jeneral. (paj 9-10, § VIII.A.-C.)
- Retire deklarasyon ki gen pou wè ak egzijans pou gradye nan lekòl segondè pou klarifye ke objektif règleman sa a se tabli nòm ofisyèl ke elèv dwe satisfè pou chanje klas. Se Depatman Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) ki mete anplas kondisyon pou elèv gradye nan lekòl segondè ki tabli nan Règleman Komisè *Commissioner's Regulation 8NYCCR 100.5*. (paj 10.)
- Retire referans ki gen pou wè ak prezans lekòl ; yo konsidere nòm ofisyèl onivo prezans lekòl nan CR A-210. (paj 2, § I.B.3.; paj 7.)
- Modifiye pawòl yo pou endike fason estrikti Rezo Timoun dabò *Children First Network* (CFN) la òganize. (paj 2, § I.B.)
- Modifiye enfòmasyon sou kote pou kontakte pou jwenn enfòmasyon. (paj 11, § IX.)

REZIME

Règleman sa a anvigè imedyatman epi li ranplase CR A-501 ki date 13 novanm 2009. Règleman sa a mete anplas onivo tout sisyèm lan yon seri règ kote yo endike nòm ofisyèl byen defini pou elèv apati klas 3yèm ane jiska klas 12yèm ane chanje klas. Li bay tout detay pwosedi pou aplike règleman pou chanje klas nan tout lekòl leta Vil Nouyòk.

ENTWODIKSYON

Y ap pibliye règleman sa a nan kontèks objektif ke Chanselye a etabli pi ba a :

- Tout elèv nan prematènèl rive klas 12yèm ane pral swa satisfè nòm akademik solid swa travay nan yon nivo pi avanse kourikoulòm debaz la ki baze sou pèfòmans. Nan klas 3yèm ane rive 12yèm ane, tout elèv pral satisfè swa travay nan yon nivo pi avanse nòm ofisyèl pou chanje klas ke yo tabli nan règleman sa a pou yo ka chanje klas oswa pou yo ka diplome epi, finalman, pou yo ka pare pou karyè ak pou kolèj.
- Y ap itilize regilyèman pou elèv yon sistèm evalyasyon konplè ki adapte ak nòm pèfòmans Eta a ak Vil la tabli pou evalye pwogrè elèv nan wout pou satisfè nòm sa yo, epi pou amelyore ansèyman nan salklas.
- Y ap itilize yon estrateji pou devlope ak aplike resous sistèm eskolè a pou pèmèt lekòl yo ofri sipò ak entèvansyon nesèsè pou garanti ke tout elèv rive satisfè nòm yo atan.
- Y ap devlope ak ranfòse kapasite ansèyman lekòl yo atravè fòmasyon pwofesyonèl efikas ki konsantre sou kapasite tout elèv pou satisfè nòm ofisyèl ki gen pou wè ak Lekti, Redaksyon ak Matematik nan fen klas 3yèm ane, epi pou satisfè avèk siksè kritè pou chanje klas apati klas 3yèm ane jiska klas 12yèm ane.
- Tout kominote lekòl la pral angaje l san rete pou kreye ak sipòte estrateji efikas pou amelyore pèfòmans elèv.

I. RESPONSABILITE POU APLIKE RÈGLEMAN POU ELÈV CHANJE KLAS**A. Chanselye a**

Chanselye a pral :

1. defini aklè nòm pèfòmans tout sistèm lan nan matyè akademik debaz yo;
2. kontwole fason yo itilize evalyasyon nan tout sistèm lan pou mezire pwogrè elèv ap fè pou satisfè nòm ofisyèl yo ;
3. itilize resous fiskal, kominotè, biznis ak inivèsitè epi garanti ke resous yo bay pou distri ak lekòl yo kore :
 - ansèyman ekilibre lekti ak redaksyon pou konsantre yo sou kapasite tout elèv pou atenn nivo estanda pou yo li ak ekri nan fen klas 3yèm ane;
 - opòtinite aprantisaj pandan jounen lekòl pwolonje, paegzanp nan pwogram enstriksyon anvan-lekòl, apre-lekòl, ak nan *weekend* ki ofri entèvansyon pou pèmèt tout elèv satisfè nòm yo ;
 - opòtinite aprantisaj pandan jounen lekòl pwolonje, paegzanp nan lekòl pandan ete, ki bay sipò ak opòtinite anplis pou elèv ki riske pa pase yo satisfè nòm ofisyèl yo ; epi
4. sipèvize ak evalye aplikasyon règleman sa a nan tout distri ak nan tout lekòl.

B. Distri yo, Rezo yo, ak Lekòl yo

1. Plan Edikasyon konplè Distri *District Comprehensive Education Plans* (DCEP) yo ap sèvi kòm gid pou ede lekòl yo analize evalyasyon elèv ak done sou siksè yo pou montre jan pou anseye, ak pou mete anplas estrateji ansèyman ak pwogram entèvansyon pou elèv ki bezwen èd anplis pou satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas. Yo dwe ofri fòmasyon pwofesyonèl ki vize domèn sa yo pou tout responsab ak estaf lekòl. Sipèntandan an ap kontwole aplikasyon nòm pou chanje klas yo nan lekòl ki nan distri pa l, epi l ap sipèvize dirèkteman direktè yo pou garanti ke lekòl pa li yo ofri ansèyman ki efikas pou tout elèv. Sipèntandan an ap revize ak apwouve desizyon direktè yo pran pou elèv chanje klas ak apèl paran yo.
2. Rezo yo pral ofri fòmasyon pwofesyonèl regilyèman pou responsab ak estaf nan lekòl yo pou sipòte ansèyman efikas pou tout elèv. Rezo yo pral ofri tou trening pou lekòl yo pou sipòte aplikasyon règleman pou chanje klas nan klas Jadendanfan rive 12yèm ane.
3. Nan kolaborasyon avèk Komite dirijan lekòl *School Leadership Teams* (SLT) direktè yo ap kreye plan edikasyon entegral *Comprehensive Education Plans* (CEP) ki pral konsantre sou fason pou pèmèt tout elèv satisfè oswa depase nivo nòm ofisyèl pou chanje klas yo. Y ap presize nan CEP a aktivite ak estrateji ansèyman pou elèv ki p ap satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas, epi y ap presize plan pou fè sèten ke paran yo se asosye entegral nan aprantisaj pitit yo. SLT yo ap fè yon evalyasyon anyèl efikasite aktivite ak estrateji sa yo. Yo dwe fè fòmasyon pwofesyonèl ke yo vize pou domèn sa yo pou estaf lekòl.

Direktè yo ap sipèvize aplikasyon nòm ofisyèl pou chanje klas yo nan lekòl pa yo, epi y ap sipèvize dirèkteman pwofesè yo pou garanti ke yo bay tout elèv yo enstriksyon.

4. Pwofesè yo ap ofri pou tout elèv ansèyman efikas ki adapte prezizeman ak nòm ofisyèl pou chanje klas. Nan kolaborasyon avèk estaf lekòl apwopriye, ak sou sipèvizyon direktè a, pwofesè yo dwe garanti ke entèvansyon akademik ak sipò disponib pou elèv ki riske pa satisfè nòm pou chanje klas yo.

Pwofesè yo ap itilize tout evalyasyon ki disponib - egzamen ofisyèl, evalyasyon ki baze sou pèfòmans, evalyasyon regilye travay elèv, obsèvasyon pwofesè ak pwennvi pwofesyonèl, ak dosye prezans - kòm mwayen pou amelyore ansèyman nan salklas epi pou ofri paran enfòmasyon detaye sou pwogrè akademik pitit yo. Pwofesè yo ap kenbe pil travay elèv ki pwouve pwogrè elèv yo fè nan wout pou satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas.

C. Paran yo

1. Paran yo dwe jwe wòl asosye aktif nan edikasyon pitit yo. Lekòl yo ap kominike aklè ba paran yo sa elèv yo dwe konnen ak nan ki nivo elèv yo dwe travay pou yo ka satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas yo. Lekòl yo ap kominike tou kritè prezans ke elèv yo dwe kenbe. Y ap bay paran yo opòtinite pou patisipe nan pwogram aprantisaj pou paran ak fanmi, pou diskite travay ak pwogrè pitit yo, epi pou jwe yon wòl nan siksè akademik pitit yo.
2. Y ap itilize yon pwosesis pou kominike regilyèman avèk paran yo pou yo ka konnen si l nesèsè pou fè entèvansyon espesifik ak/oswa ansèyman altènatif epi ki lè yo dwe fè yo.
3. Tout fwa sa posib, yo dwe kominike ak paran yo nan lang yo pale lakay yo. Depi yo fin fè yo konnen byen klè nòm, sa yap atann de yo ak opòtinite pou sipò anplis (si sa obligatwa), y ap atann pou paran yo ankouraje elèv pou yo prezan lekòl ak fè devwa yo gen pou fè. Paran yo ap responsab tou pou ede kominike regilyèman avèk lekòl yo ak pwofesè yo sou pwogrè pitit yo.

D. Elèv yo

1. Elèv yo ap travay pou atenn objektif aprantisaj yo fikse pou yo epi, lè l nesèsè, y ap amelyore travay y ap fè pou atenn nivo estanda grasa pwòp efò yo dapre bonjan opinyon pwofesè yo ak itilizasyon resous yo genyen adispozisyon yo.
2. Elèv yo ap fè travay klas yo, devwadmezon yo, evalyasyon yo, ak tout aktivite aprantisaj yo gen pou fè pou satisfè nòm ofisyèl aprantisaj pou chanje klas ak pou rive satisfè pwogram difisil ak egzijan onivo akademik yo.
3. Elèv yo ap fikse yo yon objektif pou yo prezan omwen 90 % tan lekòl.

II. SÈVIS SIPÒ POU ELÈV

Ansèyman yon pwogram sèvis sipò konplè, koòdone pou elèv enpòtan anpil pou eksperyans elèv anjeneral nan domèn edikasyon pandan y ap travay pou satisfè nòm ofisyèl siperyè pou chanje klas. Tout sipèntandan ak tout direktè pral garanti ke yo fòme estaf yo kòm sadwa pou sa, epi pou aplike règleman ak kondisyon aktyèl onivo estaf la.

Yon domèn patikilye pou estaf nan sèvis sipò elèv se prezans elèv. Estaf la ap kontwole tout absans, piske prezans chak jou enpòtan pou patisipasyon konplè nan tout eksperyans aprantisaj ansanm ak mizanplas yon etik travay k ap benefisye elèv lè yo atenn yon pi wo nivo edikasyon ak nan djòb yo alavni.

Estaf ki la pou sa pral ofri sipò nesèsè pou tout elèv ka rive atenn nòm siperyè yo, sitou elèv sa yo ki riske pa pase.

III. MEN POU KI ELÈV RÈGLEMAN SA A TABLI NÒM POU CHANJE KLAS

Règleman sa tabli nòm pou chanje klas pou :

- A. Elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen.
- B. ELL ki nan sistèm lan depi omwen de ane ak ELL ki nan klas 8yèm ane ki nan sistèm lan depi omwen ennan.
- C. Elèv ki gen andikap k ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal ki patisipe nan evalyasyon Eta a ak Vil Nouyòk. Elèv ki gen IEP ki pa espesifye nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas ap gen pou itilize nòm pou chanje klas ke yo aplike pou elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen nan nivo klas yo. Elèv ki gen IEP ki espesifye nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas ap gen pou aplike nòm ofisyèl pou chanje klas ki tabli nan IEP yo.

IV. ELÈV YO BAY DISPANS

Yo p ap aplike nòm ofisyèl pou chanje klas pou elèv sa yo :

- A. Tout elèv nan prematènèl.
- B. ELL nan klas 3yèm jiska 7yèm ane, paegzanp elèv klas 3yèm ane jiska 7yèm ane ki gen andikap k ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal, ki nan Sistèm lekòl Etazini *United States School System* (USSS) (eksepte PòtoRiko) mwens pase de ane.
- C. ELL nan klas 8yèm ane, paegzanp elèv klas 8yèm ane ki gen andikap k ap resevwa sèvis Edikasyon espesyal, ki nan USSS mwens pase de ane.
- D. Elèv ki gen andikap ki gen yon IEP ki espesifye ke l ap patisipe nan Evalyasyon altène Eta Nouyòk *New York State Alternate Assessment* (NYSAA).

V. PREPARASYON ELÈV BYEN BONÈ POU YO GEN SIKSÈ (Prematènèl jiska Klas 2yèm ane)

Klas pou debitan -- prematènèl, jadendanfan, klas 1ye ak 2yèm ane -- se ane ki enpòtan pou preparasyon elèv pou yo gen siksè nan klas apre yo. Chak lekòl ap aplike yon

pwogram byen presi pou idantifye byen bonè tout elèv, pou ogmante konesans yo ak sipòte yo pou prepare yo pou satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas.

A. Evalyasyon Pwogrè

Y ap revize regilyèman tout aspè dosye yon elèv, paegzanp prè ke travay elèv la montre li fè pwogrè nan wout pou satisfè Nòm alfabetizasyon primè *Primary Literacy Standards* ak Nòm aprantisaj Eta Nouyòk *New York State Learning Standards* (NYSLS) pou Matematik pou fè sèten ke elèv yo nan wout pou gen ladrès alfabetizasyon ak matematik, epi ke yo mete plas sipò apwopriye ak estrateji entèkansyon pou elèv sa yo ki reprezante yon pwoblèm poutèt yo p ap fè pwogrè. Y ap enfòmè paran yo epi y ap fè yo entegre yo nan sa k ap fèt pou ogmante fòmasyon pitit yo epi y ap ofri yo opòtinite pou patisipe nan aktivite k ap fèt nan salklas epi pou ede pitit yo ak devwadmezon yo.

B. Estrateji ak entèkansyon akademik

Preparasyon elèv avan klas 3yèm ane ap baze sou pratik, estrateji ak entèkansyon nan ansèyman yo tabli pou ankouraje elèv vin asimile nòm alfabetizasyon ak nòm matematik. Pratik sa yo ap sòti nan fason yo itilize Nòm aprantisaj primè, NYLS pou Matematik, Sistèm pou evalye alfabetizasyon timoun byen bonè *Early Childhood Literacy Assessment System* (ECLAS-2), enstriksyon pandan jounen lekòl pwolonje ak ane lekòl pwolonje, leson patikilye, ak lòt aktivite pou garanti ke tout elèv vin tounen elèv k ap li ak ekri san asistans yon moun lè yo rive nan klas 3yèm ane.

C. Prezans

Y ap ankouraje elèv yo pou devlope bon abitud pou vin lekòl regilyèman, depi nan premye eksperyans lekòl yo. Kidonk, kondwit elèv pou rive gen omwen 90 % tan prezans lekòl reprezante yon objektif ke yo dwe diskite avèk paran pou ankouraje ak toujou gen konpreyansyon ak sipò yo sou enpòtans pou pitit yo gen bon dosye prezans lekòl.

D. Desizyon pou elèv chanje klas

Nan klas pou debitan yo, y ap egzije lekòl yo montre yo toujou itilize seryezman divès estrateji ak entèkansyon entansif ansèyman apwopriye pou ankouraje tout elèv chanje klas. Sizoka yo ta panse ke chanje yon timoun klas pa ta nan enterè l, yo dwe avèti paran l yo epi fè yo patisipe seryezman nan desizyon y ap pran pou wè si yo dwe fè pitit yo chanje oswa double klas la. Direktè lekòl nan chita pale avèk pwofesè ak paran elèv nan jadendanfan, paegzanp elèv ki gen andikap ak ELL, ap pran desizyon pou yo chanje klas. Direktè lekòl ap pran desizyon pou elèv nan klas 1ye, ak 2yèm ane paegzanp elèv ki gen andikap ak ELL pou yo chanje klas. Yo dwe konsidere tou pwogrè elèv ki gen andikap dapre nivo klas li ak jan li metrize bagay yo vize nan IEP li pou deside si l ap chanje oswa double klas li. Pou ELL yo, yo dwe konsidere tou amelyorasyon konesans elèv sa yo nan lang angle ; pèfòmans limite nan lang angle pa dwe reprezante rezon prensipal pou yo double klas.

E. Fòmasyon pwofesyonèl

Nan klas debitan yo, menm jan ak nan tout klas yo, li enpòtan pou gen fòmasyon pwofesyonèl regilyèman pou tout estaf lekòl la pou garanti ke elèv yo gen tout chans pou yo briye. Fòmasyon pwofesyonèl dwe konsantre sou ansèyman efikas ki konekte prezizeman sou Nòm alfabetizasyon primè ak NYLS pou Matematik, fason yo itilize done sou evalyasyon elèv pou amelyore ansèyman, estrateji ansèyman pou elèv ki riske pa pase ak entèkansyon pou bay elèv sa yo sipò, ak afilyasyon aktif paran nan aprantisaj elèv.

VI. NÒM OFISYÈL POU ELÈV EDIKASYON JENERAL KLAS 3YÈM ANE JISKA KLAS 7YÈM ANE KI PALE ANGLE BYEN, POU ELÈV KI GEN ANDIKAP KI PATISIPE NAN EVALYASYON ETA A AK VIL NOUYÒK, AK POU ELÈV K AP APRANN LANG ANGLE CHANJE KLAS

Y ap konsidere tout kritè nou site yo pou deside si yon elèv dwe chanje klas. Yo pa ka baze sou yon sèl kritè pou deside si yon elèv dwe chanje oswa double klas, men yon elèv klas 3yèm jiska klas 7yèm ane dwe fè yon nòt omwen nan Nivo 2 pèfòmans nan egzamen ofisyèl ELA ak Matematik pou l pase (amwenske yo detèmine ke elèv la pare pou l chanje klas atravè pwosesis yo tabli nan Seksyon VI.D., VI.E., oswa VIII).

- A. Kondisyon pou elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen chanje klas ak pou elèv ki gen andikap ki gen IEP ki pa espesifye yon Nòm ofisyèl modifye pou chanje klas depi Klas 3yèm ane jiska Klas 7yèm ane

Desizyon pou elèv chanje klas ap baze sou :

1. kapasite I pou gen yon Nivo 2 pèfòmans oswa pi wo nan egzamen ofisyèl ELA yo espesifye a ; ak
2. kapasite I pou gen yon Nivo 2 pèfòmans oswa pi wo nan egzamen ofisyèl Matematik yo espesifye a.

Anplis sa nou fin di anvan an, lè yon direktè deside dapre travay yon elèv, kòmantè pwofesè I, ak nòt li fè nan kou akademik yo, ke yon elèv pa pare pou I ale nan klas ki vin apre a, elèv sa a pa dwe chanje klas.

Yo dwe konsidere pou elèv ki pa chanje klas dapre nòm ofisyèl pou chanje klas ki tabli nan Seksyon A a, chanje klas dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon D ak Seksyon E pi ba a.

- B. Kondisyon pou ELL ki nan Klas 3yèm jiska klas 7yèm ane chanje klas

Y ap detèmine kritè pou ELL chanje klas dapre kantite ane elèv la genyen nan USSS (eksepte PòtoRiko) :

1. Y ap aplike pou elèv ki nan Sistèm lan depi sis ane oswa plis kritè pou chanje klas yo tabli nan Seksyon VI.A.
2. Y ap baze desizyon pou elèv ki nan Sistèm lan depi omwen 2 ane men mwens pase sis ane, ak elèv ki entèwonp edikasyon fòmèl yo *Students with Interrupted Formal Education* (SIFE) chanje klas lè yo konsidere si elèv sa yo :
 - a. fè pwogrè satisfè nan amelyorasyon konesans Angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL) ki adapte ak NYSLS pou ELA dapre sa travay elèv la pwouve, kòmantè pwofesè ak nòt/evalyasyon elèv la; oswa gen yon nivo satisfè nan pèfòmans nan angle jan NYSESLAT pwouve l; oswa fè yon Nivo 2 oswa pi wo nan egzamen ofisyèl ELA yo espesifye ; ak
 - b. satisfè NYSLS pou Matematik yo anseye swa nan lang natifnatal elèv la swa avèk metodoloji ESL ; oswa rive fè pwogrè satisfè nan Matematik yo anseye avèk metodoloji ESL jan travay elèv la pwouve l, kòmantè pwofesè ak nòt/evalyasyon elèv la ; oswa gen yon Nivo 2 pèfòmans oswa oswa pi wo nan egzamen ofisyèl Matematik yo espesifye.
3. Yo pa ka konsidere pèfòmans limite nan angle kòm rezon prensipal pou elèv double klas. Yo rekòmande ELL nan klas 3yèm jiska klas 7yèm ane ki pa chanje klas nan mwa Jen pou yo ale lekòl pandan ete. Y ap rekonsidere desizyon pou elèv yo chanje klas nan mwa Out epi Direktè lekòl la ap rekòmande yon desizyon final, epi sipèntandan an ap revize desizyon an epi ap apwouve l.

- C. Desizyon pou elèv ki gen andikap chanje klas nan Klas 3yèm jiska Klas 7yèm ane k ap patisipe nan Evalyasyon Eta a ak Vil Nouyòk ki gen IEP ki espesifye yon Nòm ofisyèl modifye pou chanje klas

Lè Komite IEP a espesifye yon nòm ofisyèl modifye pou chanje klas nan IEP a, y ap aplike nòm ofisyèl modifye a. Y ap rekòmande pou elèv ki gen kritè modifye pou chanje klas ki pa chanje klas nan mwa Jen pou yo ale lekòl pandan ete. Y ap rekonsidere desizyon pou elèv yo chanje klas nan mwa Out epi Direktè lekòl la ap rekòmande yon desizyon final, epi sipèntandan an ap apwouve l.

- D. Revizyon nan mwa Jen Pwosesis pou chanje klas pou elèv Klas 3yèm ane jiska Klas 7yèm ane Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou elèv ki gen andikap ki gen IEP ki pa espesifye yon Nòm ofisyèl modifye pou chanje klas, ak ELL ki nan Sistèm lan depi sis ane oswa plis

1. Pou chak elèv ki pa gen yon Nivo 2 Pèfòmans nan egzamen ofisyèl ELA ak/oswa Matematik yo espesifye a, lekòl la dwe prepare ak soumèt yon pòtfolyo pou chanje klas ki gen ladan l dokiman sou pèfòmans elèv la ki gen pou wè ak kritè presi yo jan manyèl pwofesè a dekri pou elèv fè pòtfolyo pou chanje klas. Pòtfolyo pou chanje klas la ka genyen tou modèl redaksyon, travay elèv la fè nan klas, devwadmezon, kòmantè pwofesè, ak lòt enfòmasyon enpòtan sou pèfòmans elèv la. Yo dwe soumèt pòtfolyo sa yo nan fen ane lekòl la nan mwa Jen.
 2. Y ap evalye rezilta ofisyèl pòtfolyo pou chanje klas chak elèv pou deside si nòt evalyasyon an endike avèk presizyon pèfòmans elèv la. Pwofesè klas la dwe evalye pòtfolyo chak elèv pou detèmine si nòt evalyasyon an endike avèk presizyon pèfòmans elèv la. Pwofesè salklas la ap endike si, dapre limenm, chak elèv ap travay nan nivo ki ekivalan ak Nivo 1, Nivo 2 regilye oswa Nivo 2 siperyè pou satisfè NYSLS pou ELA (jan travay elèv la, kòmantè pwofesè l ak evalyasyon/nòt nan klas li montre l) ak NYSLS pou Matematik (jan travay elèv la, kòmantè pwofesè l ak evalyasyon/nòt nan klas li montre l).
 3. Direktè a ap revize tout pòtfolyo yo an jen. Si direktè a dakò avèk evalyasyon pwofesè a ke yon elèv ap travay nan Nivo 2 siperyè oswa pi wo, direktè a ap rekòmande pou elèv la chanje klas, epi li dwe voye rekòmandasyon an ak pòtfolyo pou chanje klas elèv la ba sipèentandan an pou li revize l.
 4. Sipèentandan an dwe revize rekòmandasyon direktè a, epi pran yon desizyon final dapre kritè ofisyèl onivo tout sistèm lan.
 5. Y ap rekòmande pou ale lekòl pandan été, elèv ki fè nòt nan Nivo 1 pèfòmans nan evalyasyon ofisyèl ELA oswa Matematik yo espesifye a, epi ki pa pase dapre rezilta pòtfolyo yo pou chanje klas nan mwa Jen, epi y ap ankouraje yo pran egzamen ete Vil Nouyòk ELA ak/oswa Matematik nan mwa Out. Elèv bezwen pran sèlman evalyasyon an (yo) nan matyè yo pa te pase nan prentan an.
- D. Revizyon nan mwa Out Pwosesis pou chanje klas pou elèv Klas 3yèm ane jiska Klas 7yèm ane Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou elèv ki gen andikap ki gen IEP ki pa espesifye yon Nòm ofisyèl modifye pou chanje klas, ak ELL ki nan Sistèm lan depi sis ane oswa plis
1. Y ap rekòmande pou chanje klas elèv ki pran evalyasyon Ete Vil Nouyòk ELA ak/oswa Matematik nan mwa Out epi ki rive reyalize Nivo 2 pèfòmans oswa pi wo. Men, lè yon direktè deside dapre travay yon elèv ak kòmantè pwofesè l, ke yon elèv pa pare pou l ale nan klas ki vin apre a, elèv la pa dwe chanje klas. Nan sitiyasyon sa a, sipèentandan an dwe revize rekòmandasyon yon direktè pou elèv la double klas la.
 2. Nan mwa Out, direktè a dwe revize pòtfolyo chak elèv ki pa atenn Nivo 2 oswa plis nan yonn oswa nan toulede egzamen yo ke pwofesè salklas la te soumèt anvan an ansanm ak nòt evalyasyon Out yo, travay lekòl pandan ete a, ak tout lòt kòmantè pwofesè lekòl pandan ete a fè. Si, dapre sa direktè a panse, yon elèv vin gen yon ekivalan Nivo 2, direktè a dwe bay sipèentandan an yon rekòmandasyon pou elèv la chanje klas, ansanm ak dokiman pou sipòte desizyon an.

3. Nan mwa Out, direktè a dwe konsidere seryezman pou fè elèv chanje klas nan sikonstans sa yo :
 - Yo ka rekòmande pou chanje klas elèv ki, apre yo pran yonn oswa toude egzamen pandan ete Vil Nouyòk nan mwa Out, rive gen yon Nivo 2 pèfòmans swa pou evalyasyon ELA swa pou evalyasyon Matematik ak yon Nivo 3 pèfòmans oswa pi wo nan lòt evalyasyon an ; epi
 - Direktè a ka itilize plizyè fason (paegzanp nòt evalyasyon ofisyèl, evalyasyon nan salklas, devwa elèv fin fè, ak kòmantè pwofesè) pou evalye pèfòmans elèv ki te deja double klas y ap fè kounye a oswa ki te deja double de klas anvan klas sa a, oswa ki gen laj dezan anplis laj elèv klas la genyen 31 desanm pou pi ta nan ane eskolè a. Direktè yo ka rekòmande pou chanje klas elèv ki pwouve yo fè pwogrè nan diferan fason nou site pi wo a pou evalye yo. Dispozisyon sa a efektif apati 1ye out 2012.
4. Sipèntandan an dwe revize rekòmandasyon direktè a, epi pran yon desizyon final dapre kritè ofisyèl onivo tout sistèm lan.

VII. DESIZYON POU CHANJE KLAS POU ELÈV KLAS 8YÈM ANE EDIKASYON JENERAL KI PALE ANGLE BYEN, POU ELÈV KI GEN ANDIKAP KI GEN IEP KI PA ESPESIFYE YON NÒM OFISYÈL POU CHANJE KLAS AK POU ELL

Y ap konsidere tout kritè yo endike pou chak klas lè y ap pran desizyon pou elèv chanje klas. Yo pa ka baze sou yon sèl kritè pou decide si yon elèv dwe chanje oswa double klas, men yon elèv dwe fè yon nòt omwen nan Nivo 2 pèfòmans nan egzamen ofisyèl ELA ak Matematik epi pran nòt pou l pase matyè debaz nan klas 8yèm ane yo pou l pase pou klas 9yèm ane (amwenske yo konsidere ke elèv la pare pou l chanje klas atravè pwosesis yo tabli nan Seksyon VII.D., VII.E., oswa IX).

A. Desizyon pou elèv Klas 8yèm ane pase pou Klas 9yèm ane pou Elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen ak Elèv ki gen andikap ki gen IEP ki pa gen yon nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas

Desizyon pou elèv Klas 8yèm ane pase pou Klas 9yèm ane ap baze sou sitiyasyon kote elèv yo :

1. gen yon Nivo 2 Pèfòmans oswa plis nan egzamen ofisyèl ELA ak Matematik Eta yo espesifye ; epi
2. fè nòt pou pase kou Angle, Matematik, Syans, ak Syans sosyal.

Y ap konsidere pou chanje klas elèv ki pa pase poutèt li pa satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas yo tabli nan Seksyon A a dapre pwosedi yo tabli nan Seksyon D ak E ki pi ba a.

B. Desizyon pou ELL ki nan Klas 8yèm ane chanje klas

Y ap detèmine kritè pou ELL nan Klas 8yèm ane chanje klas dapre kantite ane elèv la genyen nan USSS (eksepte PòtoRiko) :

1. Pou decide si elèv ki nan sistèm lan depi omwen ennan men mwens pase dezan ak SIFE yo dwe chanje klas, y ap konsidere si elèv yo :
 - a. fè nòt pou pase kou matyè debaz Angle, Matematik, Syans, ak Syans sosyal.
2. Pou decide si elèv ki nan sistèm lan depi omwen dezan men mwens pase katran dwe chanje klas, y ap konsidere si elèv yo :
 - a. gen yon Nivo 2 Pèfòmans nan evalyasyon Eta a nan Matematik ;
 - b. fè pwogrè li sipoze fè nan NYSESLAT oswa nan evalyasyon ELA¹; ak
 - c. fè nòt pou l pase kou Anglè, Matematik, Syans ak Syans sosyal.

¹ Yo ka prezante yon pòtfolyo pou chanje klas si pa gen done evalyasyon ki disponib an Jen oswa Out.
T&I-18048 (Haitian Creole)

3. Y ap aplike pou elèv ki nan Sistèm lan depi katran oswa pi lontan menm nòm ofisyèl pou chanje klas ak pou elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen jan l tabli nan Seksyon VII.A.

Yo pa ka konsidere pèfòmans limite nan angle kòm rezon prensipal pou elèv double klas. Y ap rekòmande pou ELL ki nan Klas 8yèm ane ki pa pase nan mwa Jen pou yo ale lekòl pandan ete. Y ap rekonsidere desizyon pou elèv yo chanje klas nan mwa Out, epi Direktè lekòl la ap rekòmande yon desizyon final, epi sipèntandan an ap apwouve l.

- C. Desizyon pou chanje klas pou Elèv Klas 8yèm ane ki gen andikap ki patisipe nan Evalyasyon Eta a ak Vil Nouyòk ki gen IEP ki pa espesifye Nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas

Lè Komite IEP a espesifye yon nòm ofisyèl modifiye akademik pou chanje klas, y ap aplike nòm ofisyèl modifiye a. Y ap rekòmande pou elèv ki gen kritè modifiye pou chanje klas ki pa chanje klas nan mwa Jen pou yo ale lekòl pandan ete. Y ap rekonsidere desizyon pou elèv yo chanje klas nan mwa Out, epi Direktè lekòl la ap rekòmande desizyon final la, epi sipèntandan an ap apwouve l.

- D. Revizyon nan mwa Jen Pwosesis pou chanje klas pou elèv Klas 8yèm ane Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou elèv ki gen andikap ki gen IEP ki pa espesifye yon Nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas, ak pou ELL ki nan Sistèm lan depi katran oswa plis

1. Pou chak elèv klas 8yèm ane ki pa fè nòt nan Nivo 2 pèfòmans oswa plis nan egzamen ofisyèl Eta a pou ELA ak/oswa Matematik, pwofesè klas la dwe prepare ak soumèt ba direktè a yon pòtfolyo ofisyèl pou chanje klas. Y ap mete nan pòtfolyo a dokiman ki pou pwouve pèfòmans elèv la nan matyè debaz kote li pa t satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas la. Yo dwe soumèt pòtfolyo sa yo nan fen ane lekòl la nan mwa Jen. Sonje : N ap ankouraje elèv ki pa satisfè kritè pou chanje klas yo paske yo pa pase yonn oswa plizyè matyè, pou yo ale lekòl pandan ete epi pou yo fè nòt pou yo pase. Pa gen pwosesis evalyasyon otomatikman nan mwa Jen nan ka sa a.
2. Y ap evalye rezilta ofisyèl pòtfolyo pou chanje klas chak elèv pou deside si nòt evalyasyon an endike avèk presizyon pèfòmans elèv la. Pwofesè salklas la dwe revize pòtfolyo pou chanje klas chak elèv pou gade pèfòmans li pou detèmine si nòt evalyasyon an (yo) endike avèk presizyon ke elèv la metrize nòm ofisyèl aprantisaj yo. Pwofesè klas la dwe itilize yon kritè ofisyèl pou endike si, dapre sa l panse, chak elèv ap travay nan Nivo 1, Nivo 2 regilye, oswa Nivo 2 siperyè pèfòmans pou satisfè Nòm ofisyèl aprantisaj Eta Nouyòk pou ELA ak/oswa Matematik pou Klas 8yèm ane.
3. Direktè a ap revize tout dokiman yo an Jen. Si direktè a dakò ak evalyasyon pwofesè a ke yon elèv ap travay nan nivo ki ekivalan ak yon Nivo 2 siperyè oswa plis, direktè a ap rekòmande pou elèv la ale nan Klas 9yèm ane, epi li dwe voye rekòmandasyon an ak dokiman pou sipòte l ba sipèntandan an.
4. Sipèntandan an dwe revize rekòmandasyon direktè a, epi pran yon desizyon final dapre kritè ofisyèl onivo tout sistèm lan.
5. Y ap rekòmande pou Lekòl pandan Ete elèv ki fè nòt nan Nivo 1 pèfòmans nan evalyasyon ofisyèl ELA oswa Matematik yo espesifye a, epi ki pa pase dapre rezilta pòtfolyo pou chanje klas nan mwa Jen, epi y ap ankouraje yo pran egzamen ete Vil Nouyòk ELA ak/oswa Matematik nan mwa Out. Elèv bezwen pran sèlman evalyasyon an (yo) nan matyè yo pa te pase nan Prentan an.
6. Elèv ki pa satisfè kritè pou chanje klas poutèt yo pa pase yonn oswa plis kou matyè debaz nan mwa Jen ka pase kou nesèsè a (yo) nan lekòl pandan ete pou satisfè egzijans nòm ofisyèl pou chanje klas pou pase kou a (yo).

- E. Revizyon nan mwa Out Pwosesis pou chanje klas pou elèv Klas 8yèm ane Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou elèv ki gen andikap ki gen IEP ki pa espesifye yon Nòm ofisyèl modifiye pou chanje klas, ak pou ELL ki nan Sistèm lan depi katran oswa plis

1. Elèv ki pran evalyasyon Ete Vil Nouyòk ELA ak/oswa Matematik nan mwa Out epi ki rive reyalize Nivo 2 pèfòmans oswa pi wo pou chak evalyasyon yo pran ap elijib pou ale nan Klas 9yèm ane. Metsousa, elèv ki fè yon nòt pou pase kou matyè debaz la (yo) nan lekòl pandan ete ka ale nan Klas 9yèm ane.
2. Dapre règleman sa a, nan mwa Out, pou chak elèv ki pa rive gen yon Nivo 2 oswa plis nan yonn oswa nan toude egzamen yo, epi/oswa ki pa pase kou matyè debaz yo pa te pase anvan yo, direktè a dwe revize pòtfolyo ofisyèl pou chanje klas ke pwofesè klas la te soumèt anvan an, ansanm ak nòt evalyasyon mwa Out la, travay lekòl elèv la pandan ete a ak tout lòt kòmantè pwofesè lekòl pandan ete a fè. Si, dapre sa direktè a panse, yon elèv atenn ekivalan yon Nivo 2 oswa fè yon nòt ki endike li pase, direktè a dwe soumèt ba sipèntandan an yon rekòmmandasyon pou elèv la chanje klas, ansanm ak dokiman pou sipòte desizyon an.
 - Direktè yo ka itilize divès fason pou evalye pèfòmans ak travay elèv ki te double anvan klas y ap fè a oswa ki te double de klas anvan klas y ap fè kounye a, oswa ki gen dezan oswa plis anplis laj elèv fèt pou genyen nan klas yo ye a nan dat 31 desanm nan klas 8yèm ane (paegzanp nòt evalyasyon ofisyèl yo, evalyasyon nan salklas, devwa elèv la fin fè, ak kòmantè pwofesè). Direktè yo ka rekòmande pou chanje klas elèv ki pwouve yo fè pwogrè nan diferan fason pou evalye yo ke nou site pi wo a. Dispozisyon sa a efektif apati 1ye out 2012.
3. Sipèntandan an dwe revize rekòmmandasyon direktè a, epi pran yon desizyon final dapre kritè ofisyèl onivo tout sistèm lan.

F. Elèv ki pa pase nan Klas 8yèm ane

Y ap bay elèv ki pa satisfè kondisyon pou gradyasyon yo nan Klas 8yèm ane plis tan ak sipò nesèsè pou fin satisfè kondisyon pou yo gradye nan Klas 8yèm ane. Se pral responsablite chak lekòl pou ofri elèv sa yo ki double Klas 8yèm ane yon anviwònman byen òganize kote entèvansyon entansif ap pèmèt yo satisfè kondisyon pou chanje klas yo.

VIII. NÒM OFISYÈL POU CHANJE KLAS POU ELÈV EDIKASYON JENERAL KI PALE ANGLE BYEN, ELÈV KI GEN ANDIKAP KI PATISIPE NAN EVALYASYON ETA A AK VIL NOUYÒK, AK POU ELL NAN KLAS 9YÈM JISKA 12YÈM ANE

Nan klas 9yèm pou rive 12yèm ane, elèv yo dwe gen kantite kredi ki nesèsè pou yo ka chanje klas.

A. Desizyon pou chanje klas 9yèm ane pou Elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou Elèv ki gen andikap ki patisipe nan evalyasyon Eta a ak Vil Nouyòk, ak pou ELL

Elèv 9yèm ane ap chanje klas dapre yon evalyasyon jeneral si elèv la :

1. satisfè avèk siksè nòm ofisyèl pou matyè akademik debaz yo ; epi
2. akimile yon minimòm uit (8) kredi.

B. Desizyon pou chanje klas 10yèm ane pou Elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou Elèv ki gen andikap ki patisipe nan evalyasyon Eta a ak Vil Nouyòk, ak pou ELL

Elèv 10yèm ane ap chanje klas dapre yon evalyasyon jeneral si elèv la :

1. satisfè nòm aprantisaj Eta Nouyòk pou ELA, Matematik ak Syans, jan travay elèv la, kòmantè pwofesè l ak egzamen/nòt klas li montre l.
2. akimile 20 kredi kote l genyen kat (4) kredi nan anglè/ESL ak kat (4) kredi nan Syans sosyal.

C. Desizyon pou chanje klas 11yèm ane pou Elèv Edikasyon jeneral ki pale angle byen, pou Elèv ki gen andikap ki patisipe nan evalyasyon Eta a ak Vil Nouyòk, ak pou ELL

Elèv Klas 11yèm ane ap chanje klas dapre yon evalyasyon jeneral si elèv la :

1. satisfè avèk siksè nòm ofisyèl pou matyè akademik debaz yo ; epi

2. Akimile 30 kredi.

D. Gradyasyon nan lekòl segondè

Nan Klas 12yèm ane, elèv yo dwe rive gen kantite kredi nesèsè nan kèk matyè, epi yo dwe pase kantite egzamen Eta a yo egzije pase nan pwogram akademik la pou satisfè konsidyon Eta Nouyòk pou yo gradye. Yo mete kondisyon sa yo nan Règleman Komisè Eta Nouyòk 8 NYCRR 100.5.

E. Lè elèv pa satisfè kondisyon pou yo gradye nan lekòl segondè

Elèv ki pa satisfè kondisyon pou yo gradye nan lekòl segondè ka jwenn sipò ak ansèyman regilyèman pandan lajounen, leswa, ak pandan lekòl pandan ete nan fen ane lekòl kote yo vin gen 21 lane. Ane lekòl kòmanse 1ye jiyè epi fini 30 jen apre a.

IX. PWOSEDI POU PRAN DESIZYON POU CHANJE KLAS POU ELÈV KLAS 3YÈM RIVE KLAS 12YÈM ANE

Y ap pran desizyon pou elèv chanje klas dapre opinyon estaf apwopriye ak konvèsasyon ak paran. Direktè a ap responsab pou pran tout desizyon onivo lekòl la. Paran yo pral gen dwa pou mande rekonsidere yon desizyon direktè a pran jan yo eksplike l nan Seksyon IX règleman sa a.

Plan sa a dekri pwosedi pou avèti paran, kapasite pou ofri entèkansyon, ak fason pou fikse objektif lè yo idantifye yon elèv kòm yon elèv ki riske pa pase.

A. Kolaborasyon avèk paran ak fason pou avize paran ke pitit yo ka gen pou double klas

Y ap avize paran yo byen bonè nan ane lekòl la, men pa pi ta pase dat Konferans Pwofesè-Paran pandan Otòn k ap fèt apre distribisyon kanè yo, ke pèfòmans elèv la pa nan chemen pou satisfè nòm ofisyèl yo. Ap gen opòtinite lè yo avize paran byen bonè pou revize travay elèv la, diskite estrateji ak entèkansyon, detèmine difikilte onivo pèfòmans elèv la ak fason pou ede l ak pou klarifye responsablite pou fè elèv la fè pwogrè nan wout pou chanje klas. Si toujou gen risk pou elèv la pa satisfè nòm ofisyèl yo dapre travay/nòt li yo, y ap voye ba paran l yon lèt pou avize li 15 fevriye pou pi ta.² Y ap konsève dosye ki endike kominikasyon avèk paran ak patisipasyon paran, paegzanp, apèl telefòn, kanè, konferans pwofesè-paran, evalyasyon travay elèv la, ak entèkansyon onivo enstriksyon. Sepandan, yo pa oblije fè elèv la chanje klas si yo pa avèti paran yo.

Konferans Pwofesè-Paran k ap fèt nan Prentan an ofri yon lòt opòtinite pou diskite pwogrè elèv la nan chemen pou l chanje klas nan fen ane lekòl la.

B. Enstriksyon pandan Ete

Pwogram ete yo ka ofri yon opòtinite anplis pou satisfè nòm ofisyèl pou chanje klas pou elèv ki riske double klas y ap fè kounye a nan mwa Jen.

Nan klas 9yèm pou rive 12yèm ane, elèv yo ka gen opòtinite pou ale lekòl aswè ak/oswa pandan ete pou yo ka vin genyen kantite kredi nesèsè yo egzije pou chanje klas.

Yo dwe ekri paran yo pou avèti yo pa kourye regilye sou desizyon yo pran nan mwa Jen pou pitit yo pa chanje klas epi, lè se ka a, rekòmande pou l ale lekòl pandan ete pa mwens pase katòz jou avan ane lekòl la fini, men yo dwe gen tan pibliye rezilta egzamen Eta a pou kore lekòl yo lè y ap pran desizyon sa yo. Sepandan, yo pa oblije fè elèv la chanje klas si yo pa avèti paran yo.

Y ap diskite avèk paran ansanm ak elèv sa y ap atann aklè onivo pwogrè yo vize pou elèv la akonpli pou ete a, ki adapte avèk nòm ofisyèl ak kondisyon pou chanje klas.

Y ap fè yon evalyasyon pwogrè elèv la nan mwa Out pou deside si l ap chanje klas oswa si l ap double. Y ap itilize metòd evalyasyon ELA oswa Matematik, si yonn nan nan rezon y ap pran desizyon nan mwa Out pou yon elèv chanje klas depann de kapasite l pou l gen yon Nivo 2 pèfòmans pandan ete. Y ap avèti paran yo kòm sadwa.

² Yo dwe voye avi sa yo ba paran elèv ki gen IEP pou fè yo konnen dwa yo genyen pou mande revize nenpòt lè pwogram pitit yo.

T&I-18048 (Haitian Creole)

C. Plan estratejik pou elèv k ap double klas

Pou elèv ki pa pase yo, y ap mete anplas nan mwa Septanm yon plan estratejik obligatwa pou enstriksyon. Ann oktòb, direktè a oswa sipèvizè li deziyen an ap rankontre avèk pwofesè elèv ki double a pou evalye travay elèv la ak pwogrè l nan mwa lekòl la ouvè a. Apresa, y ap fè evalyasyon chak peryòd regilyèman

X. **APÈL PARAN POU MANDE REKONSIDERE DESIZYON POU ELÈV DOUBLE KLAS**

Yo dwe ekri paran yo pa kourye regilye pou fè yo konnen desizyon yo pran pou fè pitit yo double klas. Paran elèv Klas 3yèm rive 8yèm ane dwe ekri direktè a pou fè apèl la, epi apre elèv la gen opòtinite pran evalyasyon Ete Vil Nouyòk ELA ak/oswa Matematik, y ap pran yon desizyon nan mwa Out. Y ap pran desizyon konsènan demann apèl paran elèv Klas 3yèm rive 8yèm ane dapre menm kritè pou chanje klas yo tabli nan règleman sa a pou klas sa yo. Sipèntandan an dwe revize rekòmandasyon direktè a, epi pran yon desizyon final dapre kritè ofisyèl onivo tout sistèm lan.

XI. **KESYON**

Si w gen kesyon konsènan règleman sa a, ou dwe kontakte :

Telefòn :
212-374-5981

*Office of the Senior Deputy Chancellor for
Academics, Performance and Support*
N.Y.C. Department of Education
52 Chambers Street – Room 320
New York, NY 10007

Faks :
212-374-5588